



Sumatif Akhir Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2024 / 2025

Hari, Tanggal : Senin, 2 Desember 2024	Nama Peserta :
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	Nomor Peserta :
Alokasi Waktu : 10.00 – 11.00	Kelas : VI

I. Jawaben pitakon iki kanthi wangsulan kang trep!

1. Gatekna struktur ing ngisor iki!

- 1) Tata-cara 2) Kesimpulan 3) Hipotesis 4) Sinopsis

Kang klebu struktur teks prosedur katunjukake nomer

- a. 4 b. 3 c. 2 d. 1

2. Bahan kang digunakake nalika arep gawe lemper, kajaba

- a. Segi Berkas b. Santen c. Beras ketan d. Abon sapi

3. Gunane teks prosedur yaiku....

- a. Nyedhiyakake instruksi tata-cara c. Nerangake konsep ilmiah
b. Nyedhiyani hiburan kanggo sing pamaca d. Nyritakake crita fiksi

4. Teks prosedur kudu nggunakake basa kang cetha amarga

- a. Supaya para pamaca bisa mangerteni lan nindakake tata-cara kanthi bener
b. Supaya angel mangerteni teks prosedur
c. Supaya pamaca bingung nalika nindakake tata cara
d. Supaya pamaca ora nggatekake teks tata cara kang disuguhake

5. Sing kudu ditindakake nalika maca teks prosedur yaiku

- a. Ngerteni tata cara sing diterangake kanthi teliti
b. Maca kanthi ati-ati tanpa nggatekake rincian
c. Ngilirwakake ancas sing arep digayuh
d. Ngilangi cara sing ora perlu

6. Sing kudu ditindakake sawise maca teks proseder yaiku

- a. Ngilirwakake pituduh sing diwenehake
b. Ngleksanakake tata cara sing diterangake
c. Nulis ulang teks prosedur kanthi gaya sing beda
d. Ngganti urutan tata cara sing diakepake

7. Tulisan sing isine tata cara utawa tahapan sajrone nindakake samubarang diarani
- Teks prosedur
 - Teks narasi
 - Teks argumentasi
 - Teks deskripsi
8. Ing ngisor iki kalebu jinise teks prosedur, kajaba
- Teks prosedur protokoler
 - Teks prosedur protokol
 - Teks prosedur kompleks
 - Teks prosedur prasaja
9. Carane nguripne televisi klebu tuladhane teks prosedur
- Protokoler
 - Protokol
 - Kompleks
 - Prasaja
10. Ing ngisor iki minangka struktur sing ana ing teks prosedur, kajaba
- Irah-irahan
 - Pambuka
 - Tahap-tahap proses ditulis kanthi urutan
 - Tahap-tahap proses ditulis kanthi acak
11. Gathekna wacan iki!

Sapa sing ora ngerti donat? Cemilan iki dido ling akeh papan panggonan. Wujude bunder kanthi utawa tanpa bolongan ing tengah. Donat yaiku jajanan kang digawe saka glepung kanthi maneka rasa.

Wacan ing nduwur iki kalebu salah sijine struktur teks prosedur sing diarani

- Irah-irahan
 - Pambuka
 - Bahan lan peralatan
 - Tahapan proses
12. Gathekne ukara iki!
- Nggunakake kriya prentah
 - Nggunakake konjungsi
 - Nggunakake tembung teknis
 - Ana tujuan saka kagiatan sing dibahas
- Ukara ing nduwur kuwi diarani
- Pangerten teks prosedur
 - Titikane teks prosedur
 - Jinis teks prosedur
 - Ancase teks prosedur
13. Sing ora klebu tuladha teks prosedur yaiku
- Desaku yang permai
 - Cara nggawe donat
 - Cara nguripake blender
 - Cara nggawe kopi
14. Tembung wilangan sing digunakake kanggo ngurutake tata cara ing teks prosedur diarani
- Konjungsi
 - Numeralia
 - Kriya imperatif
 - Purwakanthi
15. Pambuka sajrone ngandharake tujuwan nulis teks prosedur diarani
- Konjungsi
 - Numeralia
 - Kriya imperatif
 - Purwakanthi

16. Kang klenu numeralia urutan, kejaba

- a. Kapapat b. Katelu c. Kalajengake d. Kapisan

17. Nggambarake jabang bayi sing isih ana kandhungan ibune, sing durung kawruhan lanang utawa wadon ateges tembang

- a. Kinanthi c. Mijil
b. Sinom d. Maskumambang

18. Rasa tresna, tresna marang liyan (lanang lan wadon uga kasok balekne) kang kabeh mau wis dadi kodrat Ilahi ateges tembang....

- a. Kinanthi c. Dhandhanggula
b. Asmarandhana d. Pangkur

19. Cacahing wanda saben sagatra kasebut

- a. Guru lagu c. Guru wilangan
b. Guru gatra d. Guru swara

20. Cacahe gatra saben sapada kasebut

- a. Guru gatra b. Pupuh c. Pada d. wanda

21. Tibaning swara ing pungkasaning gatra kasebut

- a. Guru gatra b. Pupuh c. Pada d. Guru lagu

22. Dhandhanggula klebu tembang

- a. Gedhe b. Dolanan c. Macapat d. Teguhan

23. Sasenenge, guyonan yaiku watake tembang

- a. Maskumambang c. Gambuh
b. Pocung d. Kinanthi

24. Manis, luwes, sengsem, sarwa, cocog yaiku watake tembang....

- a. Pangkur c. Dhandhanggula
b. Sinom d. Pocung

25. Pralambang kang sinambung ing tembang yaiku pangertene soko

- a. Sasmita tembang c. Paugeran tembang
b. Watak lan gunane tembang d. Perangane tembang

26. Panulising kasusastran Jawa klebu serat, biyasane migunakake basa....

- a. Kasusastran b. Kawi c. Krama d. Ngoko

27. Unen-unen kang ajeg pangganggone, mawa teges wantah, lan ora ngemot surasa pepindhan diarani....

- a. Bebasan b. Saloka c. Paribasan d. Guneman

- Gatekna wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomor 36 – 39 !**

Tegese sing diajeni (dianggep sedulur) mung wong sing nduwe sipat kaya konang. Sanajan kewan cilik, nanging konang nduwe zat pospor kang mapan ing awake, saengga katon nyremomong nalika saba bengi. Nduweni zat pospor mau diarani kaluwihan konang, awit kewan-kewan liyane arang sing nduwe.

Kadang konang mujudake sindiran kang ditujokake marang sapa bae kang seneng mbedak-mbedake anggane kekancan. Wong sing nduweni kaluwihan dicedhaki, didadekake sedulur sinarawedi, diormati. Dene wong biyasa-biyasa, ora nduwe kaluwihan, didohi. Alesane, sing ora nduwe kaluwihan ora bakal nguntungake dheweke, beda karo sing nduwe kaluwihan. Miturut wong kasebut kekancan karo wong sing nduwe kaluwihan (sugih, pangkat, pinter) akeh untunge. Upama dheweke lagi kasusahan enggal nulungi, diutangi gampang, disambat sebuti ora nolak, diajak usaha bebarengan enggal tumandang, lan sapanunggalane.

Wehana tanda centang (✓) ing kolom bener utawa salah !

No	Pranyatan	Bener	Salah
36	Kadang konang tegese wong kang nduwe sipat konang.		
37	Kadang konang mujudake sindiran kang ditujokake marang sapa wae kang seneng nyambung paseduluran.		
38	Wong sing nduweni kaluwihan dicedhaki, didadekake sedulur sinarawedi, diormati.		
39	Wong kang nduweni sipat kadang konang menawa kekancan karo wong sing nduwe kaluwihan (sugih, pangkat, pinter) akeh untunge.		

Gatekna wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomor 40 – 44!

Panulisane kasusastran Jawa klebu serat, biyasane migunakake basa kawi utawa basa rinengga kang digunakake nalika guneman saben dina. Mula, kanggo goleki lan mangerteni surasa baku utawa piwulang kang ana ing sawijining tembang utawa kasusastran bisa kanthi cara goleki tegese tembung lan gawe gancaran, kanthi cara parafrase. Parafrase tegese ngowahi tembang / geguritan sing wujud pupuh / pada, dadi gancaran utawa prosa. Parafrase awèh kasempatan marang penulis liya kanggo awèh panekanan masalah kang beda karo penulis asline.

Wehana tanda centang (✓) ing kolom bener utawa salah!

No	Pranyatan	Bener	Salah
40	Kasusastraan Jawa akeh jinise		
41	Basa kawi kasebut basa rinengga		
42	Tembang macapat ana kaitane karo kasusastran Jawa		
43	Titi laras pelog kang gunakake titi laras kepatihan, yaiku 1(ji), 2 (ro), 3 (lu), 4 (pat), 5(ma), 6(nem), lan 7(pi)		
44	Basa kawi digunakake nalika guneman saben dina		

Gatekna wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomor 45 – 50 !

Cara ngumbah tangan sing bener miturut WHO

Ing kondisi pandemic virus Corona, WHO nyaranake perlindungan dhasar kanthi cara ngumbah tangan kanthi asring. Cara iki diutamakake WHO amarga ngumbah tangan kanthi rutin bisa mateni virus sing ana ing tangan kita. Ing ngisor iki tata-cara ngumbah tangan kang bener sing disaranake dening WHO.

- 1) Nggunakake banyu mili sing resik.
- 2) Telesi tangan nganggo banyu.
- 3) Nggunakake sabun sing cukup ing telapak tangan, kanggo nutupi kabeh tlapan tangan.
- 4) Gosok tlapan tangan siji menyang liyane.
- 5) Gosok mburi tangan lan antarane driji.
- 6) Gosok mburi driji menyang tlapan tangan lan antarane driji.
- 7) Nggegem lan wisuh jempol kanthi posisi muter.
- 8) Gosok pucuk driji menyang tlapan tangan supaya kuku kena sabun.
- 9) Bilas nganggo banyu sing resik lan mili.
- 10) Garingake tangan nganggo gombal utawa tisu.

Wehana tanda centang (✓) ing kolom bener utawa salah!

No	Pranyatan	Bener	Salah
45	Wisuh nggunakake banyu sing resik lan reget.		
46	Telesi tangan nganggo sabun.		
47	Nggunakake sabun sing cukup ing jempol tangan.		
48	Gosok pucuk driji menyang tlapan tangan supaya kuku kena sabun.		
49	Bilas nganggo banyu sing resik lan mili.		
50	WHO nyaranake perlindungan dhasar kanthi cara ngumbah tangan kanthi asring.		